




CIKAMU 8

SUNGANO
ITSVA

**GORE 6 KIRISITU
ASATI AZVARWA.**

**MWARI
WAABHURAHAMU, ISAKA
NAJAKOBHO. NDAKAMIRIRA
MUPONESI, ASI ZVINO
MAKORE ANGU OKURARAMA
AVE MASHOMA.**

**ICHOKWADI
KUTI MAKORE AKO
AVE MASHOMA,
ASI UCHAMUONA
MUPONESI USATI
WAFU.**



SIMIYONI, UNOTSUNGIRIRA
KUDARIKA VAMWE VAPIRISITA
VOSE, HAUNA ZUVA RAUNOTADZA
KUZOSHUMIRA KUNO KUTEMBERI.

SIMIYONI
WAKANZVERA
MAGWARA
ZVAKADZAMA
NDOKUONA
ZVIPOROFITA
ZVIZHINJI
PAMUSORO
PEMUPONESI.

UNOFUNGEI NHAI
PAMUSORO PECHIPOROFITA
ICHI CHIRI MUNA ISAYA?
ZVINONZI MHANDARA
ICHABATA MIMBA, YOZOZVARA
MWANAKOMANA, NDIYEKA
MUZODZIWA MWANA
WEMUKADZI AKATAURWA
KUNA EVHA.


NDIZVOZVO CHAIZVO.
ISAYA ANOTI UCHANZI
MWARI WAMASIMBA OSE. ASI
ZVIPOROFITA ZVINOREMA
KUNZWISISA.



TIKATARIRA
KUNA MIKA 5:2
TINOONA KUTI
MWANAKOMANA UYU
AIVAKO NOKUSINGAPERI
SEZVAKAITA MWARI. KO
UNOFUNGEI PAMUSORO
PAMAPISAREMA 45:6
PANONZI NAMWARI
KUMWANAKOMANA
MWARI.


UNOONA, NDISATI
NDAFA, MUDZIKINURI
UCHALYA PATEMBERI
INO, UYE NDICHAMUONA
NEMESO ANGU AYA.

VASHOMA
VANOWIRIRANA NEWE
IPAPO. NDOSAKA
USINGAFANIRE KUTAUURA
NYAYA IYI PANE VANHU,
UNOTAKWA NEMABWE
UKAFA.



ANOGONA
ACHITaura
CHOKWADI
WENA.


NDIWE ANI ZVIYA?
UNONZWISISA ZVINHU
IZVI HERE?



NDIREGEREREIWO,
NDANZWA NYAYA YAMANGA
MUCHITaura NEZVAYO. NENIWO
NDAKANZVERA MAGWARO,
MAZANA MASHANU EMAKORE
APFULURA DHANIYERE WAKATAURA
ZVINOSHAMISA PAMUSORO
PEKUYA KWEMUDZIKINURI.

MAVAMBO 3:15;
MAPISAREMA 45:6;
ISAYA 7:14, 9:6;
DHANIYERE 9:25-26;
MIKA 5:2; RUKA 2:25-26

CHII
CHAUNOZIVA IWE
CHISINGAZIVIKANZWE
NEVANYORI?



BABA VANGU MUNYORI WANI.
VAKANDIUDZA KUTI KUBVA PAKABUDA
CHIGA CHOKUTI JERESAREMA IVAKWE
KUSVIKA PACHAURAWA MUPONESI
PANE MAKORE MAZANA MANA
NEMAKUMI MASERE NEMATATU.

PAVE NEMAKORE
MAZANA MANA NEMAKUMI
MANA NEMAPFUMBAMWE,
ZVICHIREVA KUTI KWASARA
MAKORE MAKUMI
MATATU NEMANA CHETE.
MUDZIKINURI ANOGONA
KUNGE ATOVA PAKATI
PEDU.

BODO,
HAASATI, MWEYA
MUTSVENE
AKANDIZIVISA KUTI
PAANOZVARWA
ACHAUNZWA KUNO
KUTEMBERI LIYE
NDICHAMUONA INI
NDISATI NDAFA.

UNOZIVA
SEI ZVINHU
ZVAKADAI?

LICHAZVIONA.


MUKUKWEGURA
KWAKE SIMIYONI
WAKARAMBA
AKAMIRIRA
MUPONESI,
MUPIRISITA
AINZI ZAKARIYA
AKALIYA
KUTEMBERI
KUZONAMATA.
IYE NEMUDZIMAI
WAKE VAKANGE
VAKURAWO
ASI VASINA
KUMBOBATA
MWANA.



CHIRIPO-RIPOTYO,
NGIROZI YAKAZVIRATIDZA
KURLUYI KWEARITARI.


USATYA,
MUNAMATO WAKO
WANZWIKWA, MUDZIMAI
WAKO ERIZABHETI
UCHAVA NOMWANA
WAUCHATUMIDZA
KUTI JOHANE.

VAZHINJI VACHAPEMBERA
NOMUFARO NOKUTI
NDIYE UCHAKURA NZIRA
YOMUDZIKINURI. MUSAMUPE
WAINI KANA ZVINODHAKA. MWEYA
NESIMBA RAIVA PANA ERIYA
RICHAMUTEVERA.



NDINGAZIVE SEI
KUTI ZVAMUNOREVA IZVI
ZVICHAITIKA? INI NOMUDZIMAI
WANGU TAKWEGURA ZVOKUTI
HATICHAGONI KUITA VANA,
UYE MUDZIMAI WANGU UYU
INGOMWA.

INI NDINI
GABHURIYERE, NDINOMIRA
MUCHIVAZHE CHAMWARI.
NDATUMWA KUTI NDIZOKUUDZA
ZVINHU IZVI. UNODA CHIRATIDZO?
HAUCHAGONI ZVEKARE KUTAURA
KUSVIKA ZVANDAREVA
ZVAZADZISWA.



NDICHAFARA
PAUCHAGONA
KUTAURA KUTI
TIKURUKURE
NEZVAZVO. KANA
NGIROZI ICHITaura
NEWE HAUFANIRE
KUDAVIDZA.

ZAKARIYA,
ZVINONETSA KUGAMUCHIRA
ASI, SASARAI MAI VENYIKA YEDU,
MWARI VANZWA MINAMATO
YEDU. NENIWO NDICHAVA MAI
VOMUPOROFITA MUKURU.

KWEZVIURU ZVINA ZVEMAKORE
VAPOROFITA VAKANONGEDZA KUIYA
KWEMUPONESI. KWEMAKORE MAZANA
MANOMWE MUPOROFITA ISAYA
AKATI "TARIRA, MHANDARA ICHAVA
NOMWANA, IGOZVARA MWANAKOMANA
UYO ACHANZI EMANUWERE."



MARIYA WAKANGE AKATSIDZA
KUZOROORWA KUNA JOSEFA. AKANGA
ASATI AMBOZIVA MURUME UYE
AITEVEDZA MIRAIRO YOSE YAMOZISI.

CHIRIPO-RIPOTYO
NGIROZI YAKAZVIRAIKAZA
KUNA MARIYA.

MARIYA
WAWANIRWA
NYASHA MUMESO
AMWARI. UCHABATA
PAMUVIRI
UGOSUNUNGUKA
MWANAKOMANA
WAMWARI.

ZVINGAITIKE
SEI IZVI NDISINA
MURUME
WANDINOZIVA.

MWEYA MUTSVENE
UCHAKUFUKIDZIRA. MIMBA
YACHABATA NDEYE MWANAKOMANA
WAMWARI. TARIRA, CHERO HAMA
YAKO ERIZABHETI AINZI NGOMWA
AVA NEMIMBA INEMWEDZI
MITANHATU.

ISAYA 7:14; LUKA 1:5-20, 26-40




NDIRI
MUSHANDIRI
WASHE; NDIITIRWE
HANGU
SEZVAMATAURA.

NDICHAVA MAI VAMWARI.
JOSEFA UCHAZVIGAMUCHIRA
HERE IZVI? UCHAZVINZWISISA
HERE? KOVANHU VACHATI KUDII
PAVACHANZWA NYAYA IYI? REGAI
NDINOOGARA NAERIZABHETI
HANGU.



ERIZABHETI!

***MARIYA
MWANANGU!***



WAKAROPAFADZWA
IWE PAKATI
PAVAKADZI VOSE,
CHAKAROPAFADZWA
CHIBEREKO CHEMIMBA
YAKO. NDINI ANIKO KUTI
NDASHANYIRWE NAMAI
VATENZI WANGU?
PANDANGONZWA IZWI
RENYU, MWANA
WANGU WABVA
WAURUKA
NOMUFARO.

MWEYA
WANGU
UNOKUKUDZAI
MWARI, UYE
MOYO WANGU
UNOPEMBERA MUNA
MWARI MUPONESI
WANGU. NOKUDA
KWAIZVI, MARUDZI
OSE ACHANDITI
WAKAROPAFADZWA.
WAITA ZVINHU
ZVIKURU.

WASIMUDZIRA ISU VANGE
VAKAZVIDZIKA. SEKUTaura
KWAAKAITA KUNA BABA ABHURAHAMU,
WATIRANGARIRA NENYASHA ZHINJI.

MARIYA WAKAGARA
NAERIZABHETI
KWEMWEDZI MITATU.

YAKASVIKA NGLUVA
YOKUSUNUNGLIKA
KWAERIZABHETI.

ZAKARIYA
ANOGUTSIKANA
KUTI ACHAVA
MUKOMANA. ANOTI
NGIROZI YAMWARI
YAKAMLUUDZA
KUDARO.

ZVAKANAKA,
KANA AKAITA
MUKOMANA
TICHAMUTUMIDZA ZITA
RABABA VAKE ROKUTI
ZAKARIYA.

UYO OUYA
NOKOKO,
NGATIMUBVUNZEI.





ANOTI NGIROZI
YAKAMUITA
MBEVEVE NOKUTI
WAKATADZA
KUTENDA IZWI
RAMWARI.


UCHAMUTUMIDZA
ZITA ROKUTI ANIKO
MWANA WAKO

ANODA
POKUNYORERA
KUTI ATIUDZE.


ANOTI ZITA RAKE
RICHANZI JOHANE,
SEKURAIRWA
KWAAKAITWA
NENGIROZI.

ASI HAKUNA
WEDZINZA RENYU
ANODAVIDZWA
NEZITA IRI.





ZVIROKWAZVO,
MUKOMANA
AZERE NEMVERE
PAMUVIRI WAKE.



ZITA RAKE
ACHANZI JOHANE
SEKUREVA KWAKAITA IZWI
RASHE. ACHANONGEDZA
VANA VEIZIRAYERE
KUMUPONESI WAVO.

WAVAKUTAURA
MUSHURE
MEMWEDZI YOSE
IYI!

SAKA
ZVINGANZI
LIYU NDIYE ANE
CHIPOROFITA
CHAERIYA?

JOSEFA WAKAZIVA KUTI
MWARIYA WAKANGE
AZVITAKURA UYE KUTI
MWANA AKANGE ASIRI WAKE.




AMAI, INI
HANDIZVINZWISISE
IZVI. HAANA MURUME
WAAKAMBOFAMBIDZANA NAYE
UYU. WAINGOVA MUCHIVAZHE
CHEVABEREKI VAKE NGLVA
DZOSE. VANHU VOSE VANOZIVA
KUTI MARIYA MUSIKANA
WAKAZVIBATA. ICHOKWADI
KUTI WAKAZVITAKURA ASI INI
HANDISINI BABA VOMWANA
UYU.



NHAI
JOSEFA,
UCHAITA SEYI
NENYAYA
IYI?

NOKUDARO
HAZVICHAGONI KUTI
NDIMUROORE, ASI HANDIDI
KUMUNYADZISA KUVANHU.
ANOGONA KUTAKWA NEMABWE
NENYAYA YOUPOMBWE.
ZVAKANAKA KUTI TINGOSIYANA
CHINYARARIRE.



ANOTI NDIYANI
BABA VOMWANA
UYU?

ANOTI
BABA VOMWANA
UYU NDIMWARI
VAKAMUVHUMBATIRA
NOMWEYA
MUTSVENE, ACHIBVA
ABATA PAMUVIRI
APA ASINA
MURLUME.



**KUTI
KUDARO!
AKUPENGA
MANJE UYU!**

**ANOTI
MWANA UYU
ACHAPONESA
NYIKA YOSE,
UYE ACHANGE
ARI MWANA
WAMWARI.**

**MUNHUKADZI
UYU ARIKUMHURA
MWARI NEMASHOKO
AKADAI. NDINOFANIRA
KUMURAMBA NOKUKASIKA
UYE MURLUNYARARO.**

USIKU IHOWU JOSEFA
AKARARA, NGIROZI
YAKAZVIRATIDZA KWAARI.



JOSEFA
MWANAKOMANA
WADHAVHIDHI, USATYE
KUTORA MARIYA SEMUDZIMAI
WAKO NOKUTI CHIRIMAARI
NDECHEMWEYA MUTSVENE.
ACHAZVARA MWANAKOMANA
LYO WAMUCHATUMIDZA
ZITA ROKUTI JESU, NOKUTI
UCHAPONESA VANHO VAKE
KUBVA KUZVIVI.



UKU KUZADZISWA
KWECHIPOROFITA
CHAYSAYA, "MHANDARA
ICHAZVARA MWANA,
ICHALUNZA MWANAKOMANA
UYO UCHANZI EMANUWERE,
IZVO ZVINOREVA KUTI
MWARI VANESU.




MARIYA
NDIREGEREREWO
NOKUTI HANDINA
KUVIMBA NEWE?

NDINONZWISISA,
IZVI ZVAKANAKISA
KUMADZIMAI OSE
ORUDZI RWAIZIRAYERE
NENGLIVA DZOSE, KUTI
MWARI VANDISARUDZA
KUTI NDIGOZVARA
MUPONESI!



UCHANGE WAKAITA SEI
MWANA UYU ZVAVARI MWARI
MUNYAMA, KUTI ACHAZVARWA
ACHITaura? KUTI ACHAZVARWA
ACHIGONA KUIVERENGA.


HANDIZIVI JOSEFA,
TICHATONGOMIRIRA
KUTI TIONE.



TESE TINOBVA
PADZINZA
RADHAVHIDHI,
VAPOROFITA
VAKATI MUPONESI
ACHABUDA
KUDZINDE
RADHAVHIDHI.

MAVAMBO 3:15;
ISAYA 7:14, 9:7;
MATEU 1:18-23;
LUKA 1:32-33

PANE ZVIMWE ZVANDAFUNGA, MUBINDU REIDHENI MWARI
VAKAVIMBISA KUTI CHIBEREKO CHOMUDZIMAI CHICHAPARADZA
MUSORO WENYOKA. NDAZOVIONA MANJE, MWANA UYU
ACHANGE ASIRI MUNHURUME ASI WOMUNHUKADZI. MWARI
VAKARONGA ZVINHU IZVI NECHEKARE.




INZWAI IRI SHOKO
IMI MOSE, IZVI ZVABVA
PACHIGARO CHOUSHE
CHAMAMBO SIZA, VANHU
VOSE VEKUIZIRAYERE
VANOFANIRA KUDZOKERA
KWAVAKAZVARIRWA
KUTI VANOVERENGWA
NOKUNYORESA KUTI
VAGOGONA KURIPIRA
MITERO YAVO.

MARIYA NAJOSEFA
VAINGE VACHIGARA
MUNAZARETA
YEKUGARIREYO, ASI
CHIPOROFITA CHEKARE
CHAITI MUPONESI
ACHAZVARIRWA
KUBHETEREHOMA
REJUDHIYA. (MIKA
5:2). MUNGUVA PFLUPI
INOTEVERA MARIYA
UCHASUNUNGUKA
MWANA WAKO MUGUTA
RISIRO. VAKANGE
VASINGANZWISISE
CHIPOROFITA UYE
VAKANGE VASINA
CHIKONZERO CHEKUENDA
KUBHETEREHOMA.




JOSEFA,
IZVI ZVINO REVA
KUTI UCHAENDA
KUBHETEREHEMA
PAMAZUVA
ANDICHASUNUNGUKA
MWANA.

VANHU
VANGAZVIGAMUCHIRA
HERE IZVOZVO,
HANDEI TOSE.



MARIYA,
NDANGE
NDISINGAFANIRE
KUIYA NEWE
PARWENDO RUNO,
NGATIDZOKERE.


KWETE,
UNOFANIRA KUIVAPO
PANDINOSUNLINGUKA.
HAPANA MUMWE
UNONDINZWISISA
KUNZE KWAKO.



NGATIKASIRE
KUFAMBA,
NGUVA YANGU
YAKWANA.

ZVATITORERA VHIKI
ROSE KUFAMBA
RWENDO URWU
RWEMAMAIRA ZANA.

REGA NDIONE
KUTI TINGAWANE
IMBA YOKAGARA
MUHOTERA LUMU
HERE.



NDAWANA
NYAMUKUTA
LIYU ANOGONA
KUTIBATSIRA.

KO
MANGA
MUSINA IMBA
YOKUGARA
MUHOTERA
UMU HERE?

TASHAYA
ISU, MANGA
MAKAZARA.

WAGONESA,
KUNYANYA ZVARIRI
DANGWE RAKO.
ZVANGOZONETSA KUTI
MAZOSUNUNGUKIRA
MUDANGA .

USAREGE IZVO
ZVICHIKUSHUNGURUDZA,
ACHATONGA PASI ROSE
NERIMWE ZUVA.

ASI
ANONGORATIDZIKA
SEVAMWE VANA
VOSE.

RLUKA 2:1-7






CHIKO?
INGIROZI!

ZVIURU
NEZVIURU
ZVENGIROZI!

USATYA, NDAIYA
KUZOKUUDZAI NHAU
DZAKANAKIRA VANHU
VOSE. KWATIRI
MUGUTA RADHAVHIDHI
KWAZVARWA ISHE
MUPONESI, MUDZIKINURI
WAVAJUDHA.

MBIRI
KUNA MWARI
WEKUMUSORO-
SORO. MWARI
VAUNZA RUNYARARO
PASI ROSE NOKUTI
VANERUDO
NEVANHU VOSE.



CHIRATIDZO
CHAMUCHAONA, MWANA
ACHANGE AKAPUTIRWA
MUMICHEKA,
MUCHIDYIRO CHEMHUKA.



LINGAZVITENDA
HERE IZVI, NGIROZI
KUZVIRATIDZA KWATIRI?

MIRA UONE
PANDICHAUDZA
MUDZIMAI WANGU!

WANZWA
HERE ZVAATAURA,
MUPONESI
AZVARWA
KWAIZIRAYERE.

NDINODA
KUNOZVIONERA.

MUPONESI!
RUGARE KUNEVANHU
VOSE. MWANA!
HANDEI TINOONA!




MUDZIKINURI!

NDINE
UROMBO
NEKITORA
NGUVA YENYU,
ASI PANE
NGIROZI YATI
TILYE KUNO.

NDIYANI
WAIZVIFUNGA KUTI
MWARI VANGAVE
MWANA?

LUKA 2:8-20



NGUVA YAKAKWANA
YOKUTI MARIYA NAJOSEFA
VANORATIDZA MUCHECHE
WAVO KUMUPIRISITA
SEKUNYORWA
KWAZVAKAITWA
MUMURAIRO.

JOSEFA, AKA
NDOKOKUTANGA KUUYA
KUTEMBERI, HAPANA
UNOZIVA KUTI JESU
NDIYE MUZODZIWA.


ICHOKWADI, ASI
HANDIFUNGI KUTI
TINOFANIRA KUUDZA
KANA MUNHU ZVAKE,
KUSVIKA AYARUKA..

SIMIYONI
WAKANGE ARI
MUTEMBERI.

UYU
NDIYE! UYU!
TAMIRIRA
KWENGLVA
NDEFU.


NDIYANI
UYU NHAI
MARIYA?

HANDIZIVI,
ASI HAPANA
UNOTIZIVA
PANO.



ROPAFADZWAI, ISHE NAMWARI WEDU!
CHIREGAI NDIFE MURUGARE NOKUTI NDAONA
RUPONESO RWENYU. SEZVAMAKATAURA,
UCHAVA CHIEDZA KUVATADZI UYE UCHAUNZA
MBIRI YAMWARI KUNA IZIRAYERE.

ASI
UNOZIVA SEI?




NDINZWEI
IMI MOSE, MWANA
UYU UCHAKONZERESA
KUSUMUKA NOKUDZIKA
KWAVAZHINJI
MUIZIRAYERE, UYE
UCHARWISWA.

MOYO YENYU
ICHAPUTSIKA
PAMUCHAONA
ZVAACHASANGANA
NAZVO.



TARIRA
MUDZIKINURI. WAUYA
KUTEMBERI YAKE.
NDIYE AKATAURWA
NAVAPOROFITA

LIYU ANONZI ANA,
WANGE AKAMIRIRA
MUDZIKINURI KWOLPENYU
HWAKE HOSE.




MUJAYA, UYU
NDIYE MUPONESI,
MUDZIKINURI WAPASI
ROSE, ACHASUNUNGURA
VAIZIRAYERE KUBVA
KUZVIVI ZVAVO.

KUBVA ZUVA IRO ANA
WAKAPARIDZIRA VOSE
VAITSVAGA RUPONESO
KUBVA KUZVIVI ZVAVO.


RLIKA 2:27-38

KUMABVAZUVA
AIZIRAYERE KWAIVA
NAVACHENJERI VAINGE
VAKANZVERA MAGWARO
EKARE VACHIDA
RUZIVO RWAMWARI.
VAIZIVA NEZVOKUUYA
KWOMUDZIKINURI.
MUHOPE NEKUMWE
KUZARURIRWA MWARI
WAKAVARATIDZA KUTI
AIVA CHIPIKIRWA
KUVANHU AKANGE
AZVARWA. VAKAONA
NYEREDZI
YAINONGEDZERA
KUNA IZIRAYERE.



TABVA KURE,
UYE KUNYIKA
KWATINOENDA
HATIKUZIVI. TAFAMBA
KWEMAVHIKI
AKAWANDA.

NYEREDZI
INORAMBA
ICHIFAMBA,
TICHARAMBA
TICHIITEVERA.



MAMBO HERODHI,
PANE VARUME VANOBVA
KUMABVAZUVA VAKASHONGEDZA
ZVINORATIDZA KUTI VANE UPFUMI.
VATI VANOTSVAKA MAMBO MUTSVA
WAIZIRAYERE ACHANGOBVA
MUKUZVARWA.

MWANA ? MAMBO?
NDINI MAMBO. ITI
VAPINDE LIBVE WADAIDZA
VAPIRISITA NEVANYORI
VALIYE PANO.

IZIRAYERE
YAKANGE
ISINA MAMBO
ICHITONGWA
NAVAROMA. UYU
AKANGE AGADZWA
NAVAROMA
KUTONGA VAJUDHA
MAMBO HERODHI,
VAITONGA VARI
KUJERUSAREMA.
VACHENJERI
VAKAFUNGA
KUNOTSVAKA
RUIVO KUNA
HERODHI
PAMUSORO
PAMAMBO AKANGE
AZVARWA.




MATI
MALIYA
KUZOONA
MWANA
MAMBO?
MUNOZIVA
SEI CHINHU
CHAKADAI?

TAONA
NYEREDZI YAKE
KUMABVAZUVA,
SAKA TALIYA
KUZOMUNAMATA.

ARIPI?

HATINYATSOZIVA
SAKANI TALIYA
KWAMURI.

NDADAIDZA
VADZIDZI VEMAGWARO
KUTI TINZWE RUZIVO
RWAVO. HUYAI KUNO
KUIMBA YOMUKATI.




VANOTI
VALIYA
KUZONAMATA
MAMBO
WAVAJUDHA,
WAKAPOROFITWA
KUTI UCHALIYA
KUZOPONESA
VANHU.
ZVINYORWA
ZVENYU
ZVINOTAURA KUTI
KUDII PAMUSORO
PENYAYA
YAMAMBO
IYI?

ICHOKWADI,
ZVIPOROFITA
ZVAKAWANDA
ZVINOTAURA
PAMUSORO PAKE
ASI HAI SI NYAYA
INGANZI
ICHAITIKA.

HANDINA
BASA
NEPFUNGWA
DZENYU.
CHIPOROFITA
CHACHO
CHAKATI
KUDII?

MUPOROFITA
MIKA WAKATI
MUDZIKINURI
UCHAZVARIRWA
KUGUTA
REBHETEREHAMA
JUDHA.


MATEU 2:1-8; MIKA 5:2



CHINZWAIKA,
INI NDINODAWO
KUMUNAMATA IYE
MAMBO UYU, SAKA
KANA MANZWA KWAARI
MUGONDILDZAWO.

ZVECHOKWADI,
KANA TAZIVA
KWAARI
TICHATUMA
SHOKO.

MAMBO HERODHI VAKAVHUNDUTSWA
NEZVAMAMBO MUTSVA, SAKA
VAIDA KUMURAYA MWANA
UYU PAAINGOONEKWA.



ZVINYORWA
ZVEVAPOROFITA
ZVINOSHAMISA. HANDISATI
NDAMBOONA ZVINYORWA
ZVINE UZAMU
HWAKADARO


MAZIVIRO
AIITA VANYORI
KWAIZOZVARIRWA
MWANA UYU
AISHAMISA. ASI
IVO VAKANGE
VASINA KANA
HANYA NEIZWI
RECHIPOROFITA.



**TARIRA!
NYEREDZI IYA
YATAMBOONA
KUMABVAZUVA!**

**ASI YAKASIYANA
NEDZIMWE
NYEREDZI DZOSE
DZATINOONA.
HAIFAMBIRANI
NEDZIMWE
NYEREDZI DZOSE
UYE INE CHIEDZA
KUDARIKA
DZIMWE DZOSE.**


**TARIRA PAYIRI,
MANGWANA
TICHAITEVERA
ZVEKARE.**



IYO IRI
PAMUSORO PEMBA.
ASI KUNO HAKUSI
KUBHETEREHAMA! PAPERA
MAVHIKI AKAWANDA,
PAMWE VAKASHANYA.

RWANGA
RWURI
RWENDO
RUREFU,
ASI ZVINO
TAKUSVIKA.


INYEREDZI
YAKASIYANA
NEDZIMWE
ZVECHOKWADI. HAISI
KURE NEMAKORE
ZVAKANYANYA.



HATIDI
KUKUBVISAI PABASA
RENYU, ASI TAFAMBA
KWEMAVHIKI AKAWANDA,
KUZOSHUMIRA KUNA
MAMBO VAZVARWA.

MAZVIZIVA
SEI ZVINHU
IZVI?

TAKAVERENGA ZVINYORWA
ZVEVANHU VAZHINJI, VAPOROFITA
VENYU VAKATAURAWO PAMUSORO
PEKUYA KWAKE. ZVINO PANE
NYEREDZI YANGA ICHITITUNGAMIRA,
NAZVINO ICHIRI PAMUSORO
PEMUSA WENYU.



NEKUZVININIPISA
KUKURU GAMUCHIRAI
ZVIPO ZVEDU IZVI
ZVATAUNZIRA
MAMBO MUPONESI.
ACHADZORERA VAZHINJI
KUKURLURAMA.

HUSIKU UHU, MWARI
VAKATAURA KUHOPE
NEVACHENJERI
AKAVATI VASAUDZA
MAMBO HERODHI
KWAKANGE
KWAZVARIRWA
MWANA KANA
KUSHANDISA NZIRA
YAVAKANGE VALIYA
NAYO PAKUDZOKERA
KUNYIKA
YAVO. MWARI
VAKATAURAWO
NAJOSEFA KUTI
ATIZIRE IJIPITA
SEZVO MAMBO
HERODHI WAITSVAGA
KUMUURAYA.


MATEU 2:9-12




VARUME
VAKABVA KUMABVAZUVA
VAYE VANDIBATISA PASI.
VAKASHANDISA IMWE NZIRA
PAKUDZOKERA KUNYIKA YAVO
ZVICHIREVA KUTI VAKAMUWANA
MWANA UYU, SAKA VAKATYA
KUYA NOKUNO.



TUMIRAI MALTO
ANGLU KUBHETEREHAMA,
NGAVANOURAYA VANA VOSE
VARI PASI PEMAKORE MAVIRI.




MAKORE MAZHINJI
APFLURA, VAPOROFITA
VAINGE VATAURA
NEZVECHIITIKO ICHI
CHINOSIRIRISA MUGUTA
REBHETEREHEMA.



MARIYA NAJOSEFA VAKATORA MUCHECHE
JESU VAKAENDA NAYE KUIJIPITA.
ZVIPO ZVEVACHENJERI VEKUMABVAZUVA
ZVAKAVAGONESA KUFAMBA NEKURARAMA
KWEMAKORE MAVIRI AVAINGE VARIKO.

MUSHURE MORUFU RWAHERODHI, JESU AVE
NEMAKORE MAVIRI, MWARI AKAVARAYIRA KUDZOKERA
KUIZIRAYERE. IZVI ZVAIZADZISA CHIPOROFITA,
“NDAKADANA MWANA WANGU KUBVA KUIJIPITA.”




PAVAKADZOKA KUBVA
IJIPITA, NGIROZI
YAKAVALDZA
KUTI VANO GARA
KUKAGUTA KADIKI
KAINZI NAZARETA.

IZVI
ZVAIZADZISA
ZVEKARE
CHIPOROFITA
CHINOTI,
ACHANZI
MUNAZARINI.

IMI VARUME
VANGU VASHANU,
MUNODA KUSHANDA
KUSVIKA HUSIKU HERE?
CHIMBOLIYAI MUDYE.

JESU
WAKASHANDA BASA
ROKUIVEZA NABABA
VAIMUCHENGETA
JOSEFA.


JEREMIYA 31:15; HOSIYA 11:1;
MATEU 2:13-23



APO JESU WAKANGE AVE
NEMAKORE GUMI NAMAVIRI,
JOSEFA WAKATORA MHURI YAKE
NDOKUENDA KUJERUSAREMA
KUMUTAMBO WEPASEKA,
VAKATAKURA HWAYANA
SECHIPIRISO CHEZVIVI.

JESU ENDA
NEHWAYANA
KUMAPIRISITA VANOONA
KUTI YAKAKODZERA HERE
SECHIPIRISO CHEDU.
MANGWANA TICHATSVAGA
POKUGARA.

BABA,
NDINGAENDE
NAJESU
KUNOONA
TEMBERI
HERE?




KWAPERA MAZUVA
MAZHINJI, VAPIRA
CHIPIRISO CHAVO..

JOSEFA,
HANDZIVI KUNA
JESU, UYE HAPANA
WAMUONA ZUVA
ROSE.

NDINOFUNGA KUTI
PAMWE TAMUSIYA
KUJERUSAREMA.

ASI ANGA
ACHIZIVA KUTI
TINODZOKERA NHASI,
SAKA NDATI PAMWE
ABATANA NEDZIMWE
HAMA DZEDU.

NGATIDZOKERE
TINOMUTSVAGA.



TINOBVUMIRA
KUTI MUPONESI
ACHANGE ARI
MWANA WADHAVHIDHI
SOKITALURA
KWEVAPOROFITA.
MUNOZIVA ZVEKARE
KUTI DHAVHIDHI
WAKAMUTI ISHE SOKUTI
MUPONESI NDIYE AIVA
MWARI WAKE. SAKA
ZVINOFAMBA SEI KUTI
MUPONESI AIVA MWANA
WADHAVHIDHI, IYE
DHAVHIDHI ACHITI
ISHE WANGU NGLUVA
IMWE CHETE.

NGWARIRA
MAFUNGIRO
AUNOITA NOKUTI
UNOGONA
KUPEDZISIRA
WAMHURA MWARI.

ASI IWE
UNOGUTSIKANA KUTI
MAFUNGIRO AKO NDIYO
ZVOKWADI. VATUNGAMIRI
VEKEREKE VANONZWISISA
NYAYA IDZI KUKUDARIKA
IWE.

ISAYA 9:7; LUKA 2:42-46;
2 TIMOTI 3:16-17

NGATICHERECHEDZE
KUTI MAGWARO
NDEECHOKWADI
KANA KUTI
ANONYEPA NOKUTI
HATINGATENDI ZVINHU
ZVINOENDERANA
NEMAFUNGIRO EDU
CHETE.

UYO
ARI APO
UYO...

CHOKWADI CHINE
UDZAMU HERE? HAKUSI
KUTI TAKAPIWA
MAGWARO KUTI
TIWANE KUNZWISISA
HERE?

HAUGONI
KUTORA ZVINHU
ZVOSE ZVAKANYORWA
SEZVICHAITIKA.
VATUNGAMIRI VEKEREKE
VANOTI...





JESU,
TAKUTSVAKA
KWOSE KWOSE,
WAITIREI CHINHU
CHAIPA KUDAI
KWATIRI?

ANGE AINESU
KWEMAZUVA MAVIRI OSE
APFUURA, MUNE MWANA
AKASARUDZIKA.



SEI MANGA
MUCHINDITSVAGA?
HAMUZIVI HERE KUTI
NDINOFANIRA KUITA
BASA RABABA
VANGU?




HANDISATI
NDAMBOONA
MUKOMANA WECHIDIKA
ANOZIVA MAGWARO
ZVAKADAI.

ZVINOREVEIKO
ZVAATI "NDINOFANIRA
KUITA BASA RABABA
VANGU." HAVASIVO HERE
BABA VAKE VANGA
VACHIMUTSVAGA."

JESU
WAKADZOKERA
NEVABEREKI VAKE
AKAVATEERERA.
AKAENDERERA
MBERI
ACHISHANDA
MUCHITORO
CHAVO
CHOKLVEZA,
AKARAMBAZVE
ACHIENDA MBERI
PALUCHENJERI
NEPAKUKURA.



NOKUTI JESU WAIFAMBA
MUKURURAMA UYE
ACHITSVAGA ZVAKANAKIRA
VANHU NGLVA DZOSE, SAKA
VANHU VOSE VAIMUFARIRA.




APO VAMWE VECHIDIKI
VAIWIRA MUCHIVI,
JESU WAITEVEDZA
MIRARIRO YAMWARI
NOMOYO WAKE WOSE.

WAGARA
UCHIITA BASA RAKO
ZVAKANAKA, ZVISINA
CHITSOTSI UYE HAPANA
MUMWE ANOVEZA SEWE,
WEDZERA ZVIMWE
ZVIVEZWA ZVITANHATU
PAMUSORO.



TENDELUKAI NOKUTI
UMAMBO HWAMWARI
HWASWEDERA. KANA
WAGADZIRA MOYO WAKO
KUZOGASHIRA MUPONESI,
NDICHAKUBHABHATIDZAI
MUMVURA.

RANGARIRAI
KUTI ERIZABHETI
WAKASUNUNGUKA
MWANAKOMANA WAKE
MWEDZI MITANHATU
PANA MARIYA. NGIROZI
YAKAUDZA ZAKARIYA
KUTI AMUTUMIDZE ZITA
ROKUTI JOHANE, UYE
KUTI WAIZOSAKURIRA
MOYO YEVANHU
PAKUUYA KWAKIRISITU.
IZVI ZVAKANGE
ZVAPOROFITWA
ZVEKARE MAKORE
MAZANA MASHANU
APFUURA
NEVAPOROFITA.




SHURE KWANGU
KUNOUYA ANODIWA
KUNDIDARIKA, NOKUTI
WAIVAKO NDISATI
NDAVAPO. IYEYE
ACHAKUBHABHATIDZAI
KWETE NEMVURA ASI
NOMWEYA MUTSVENE
LYE NOMOTO.
TENDEUKAI KUBVA
KUZVIVI NGUVA
ICHIPO.

TOITA SEI NHAI
JOHANE? MWARI
UNODEI KWATIRI
KUTI TIRURAME?




KANA UINE MBUDZI MBIRI,
UKASANGANA NEASINA MUPEWO
IMWECHETE. KANA UINE CHIKAFU,
IPAWO VANENZARA.

IPAI VANHU
KODZERO DZAVO
NGLIVA DZVOSE.



NHAI JOHANE, KOISU
TINOSHANDA MUHURUMENDE,
TOITA SEI KUTI TIRURAME? INI
NDINOBATA MARI YEMUTERO,
UYE NABHARI UYU ANOONA
NEKUPINDA NOKUBUDA
KWEZVINHU MUNYIKA.

MUSATORE MARI
YEFUFURO. MUSASHANDISE
MABASA ENYU KUDZVANYIRIRA
VAMWE, IPAI VANHU KODZERO
DZAVO PAMABASA ENYU
OSE.



INI HANDISI
WERUDZI RWENYU,
KANA WECHITENDERO
CHENYU, NDODIWO
KUTI NDIGOFADZAWO
MWARI?

MUSASHANDISE
CHISIMBA PAMUSORO
PEVAMUNOTONGA, UYE
MUSABA KANA KUSHANDISA
MABASA ENYU KUBIRA
VANHU MARI KANA MIDZIYO
YAVO. GUTSIKANAI
NEMIHORO YENYU.



UYO ANOUIYA
SHURE KWANGU
UNESIMBA
KUNDIDARIKA UYE
HANDIKWANISI
KUSUNUNGURA
SHANGU DZAKE.
UKATENDEUKA
NOKUTENDA
ACHAKUBHABHATIDZA
NOMWEYA
MUTSVENE.

UKAMURAMBA
WOENDERERA MBERI
MUZVIVI ZVAKO,
UCHAKUKANDIRA
MUMOTO USINA
MAGUMO.

MARAKI 3:1; RUKA 3:2-18, 7:24, 27



KWETE
HANDISIRINI
MUPONESI?

KO IWE NDIWE
ANI UNOSHUMIRA
PAMUSORO
PEMUDZIKINURI? UNOTI
KUDII PAMUSORO
PAKO?

KWETE, ASI
SEKUNYORWA
KWAKAITWA
NAMUPOROFITA ISAYA,
"GADZIRA MURENJE
NZIRA YAJEHOVHA,
RURAMISIRAI MWARI
WEDU MUGWAGWA
MUSANGO."

NDIWE MUPOROFITA
AKATAURWA NAMOZISI
KUTI AIZOTUNGAMIRA
VANHU KUDZOKERA
KUNA MWARI HERE?




SAKA WATENDERWA
NANI KUBHABHATIDZA
VANHU MUNZVIMBO YEDU
YECHINAMATO?

BVISAI ZVIVI ZVENYU
ZVEKUZVIKUDZA
NOKUSAZIVA. ZVINO
SANHU RATOISWA PAMUDZI
WEMITI; MUCHATEMWA
MUGOKANDIRWA MUMOTO
UNOPARADZA KANA
MUKASATENDEUKA.


INI NDIINGORI
MUTUMWA
ANOGADZIRA NZIRA
YOMUPONESI, ASI IMI
MURI VANA VENYOKA.
MUNOFUNGA KUTI
MURI VANA VAMWARU
NOKUTI MURI VANA
VAABHURAHAMU, UYE
KUTI MUNORURAMISWA
NOKUTI MURI
VAJUDHA.





JOHANE, WATI
MUPONESI ARIKLUYA,
SAKA UCHAZIVA SEI
KANA ALIYA?

NGIROZI YAMWARI
YAKATI NDICHAONA MWEYA
MUTSVENE ACHIBURUKA
NOKUMHARA SENJIVA
PAARI, NDIYE MUPONESI
WAIZIRAYERE, MUSUNUNGURI
WAPASI ROSE.



NDIAZIVA
KUTI NGUVA INO
ICHASVIKA, MUTUMWA
GABHURIYERE WAKANDIUDZA
KUTI NDICHASANGANA
NAMADZUDZO MAKURO. DAI
BABA VAKO, NDINOREVA BABA
VAKAKUCHENGETA VACHIRI
PANO VACHIONA IZVI.

UCHAITA
SEI?
UCHATANGA
SEI?
UCHAENDA
KUTEMBERI
HERE?

JOHANE WAKAPARIDZA KWEMWEDZI
MITANHATU, APO JESU WAKANGE
AVA NEMAKORE MAKUMI MATATU.


HANDIZIVI. BABA
VANGU VACHANDIRATIDZA.
CHOKUTANGA NDINOFANIRA
KUNOONA JOHANE
AGONDIBHABHATIDZA.
AGADZIRIRA VAKAWANDA ZUVA
RORUMUTSIRIDZO.



UCHADZOKA
KUZONDIONAWO
HERE?

NDINODZOKA AMAI,
HANDISI KUZOKURASAI,
ASI MOTOSIMBA.
ZVANDICHASANGANA NAZVO
ZVINOREMA UYE ZVINOGONA
KUZOKURWADZISAI.

DHUTURONOMI 18:15;
ISAYA 40:3; MATEU 3:1-12;
LUKA 3:15 -- 18, 23;
JOHANE 1:19-27, 33



GADZIRIRAI KUIYA KWOMUDZIKINURI. VANA
BABA MOYO YENYU NGAITENDEUKIRE KUVANA
VENYU. NGWARIRAI MUSHANDISE NGLVA YENYU
NESIMBA RENYU KUVADZIDZISA MIRAIRO YAMWARI.
VASINGAKUTEEREREI VAKAONA KUCHENA KWEZVIITO
ZVENYU VANODZOKA KUNZIRA DZAKARURAMA,
MHURI DZENYU DZOPORESVA.

KANA IRIYO SARUDZO YENYU,
MAZVIPIRA KUTENDEUKA, CHIPINDAI MUNO
NDIKUBHABHATIDZEI NORUBHABHATIDZO
RWEKUTENDEUKA, KUTI MUDZIKINURI
PAACHALYA AGOKUREGERERAI ZVIVI ZVENYU.

JOHANE,
UNGANDIBHABHATIDZAWO
HERE?

ZVAKAFANIRA
KUTI
UNDIBHABHATIDZE.
URI MURUME
AKARURAMA.

JOHANE,
NDICHATEVEDZA
MIRAIRO YOSE
YABABA VANGU.
NDICHAITA SEKURAIRA
KWAVAKAITA
KUVANHU VAVO.










MATEU 3:13; LUKA 3:21-22



NDIWE
MUPONESI!
HANDINA KUNGE
NDAZIVA.



**LIYU NDIYE
MWANAKOMANA
WANGU
WANDINODISA.**

**HERO GWAYANA
RASHE RINOBVISA
MATADZO APASI!**



**MUTSVENE
WAMWARI!**

**WALYA!
WALYA!**

MUPONESI!

**ACHAMISIKIDZA
UMAMBO
HWAMWARI!**

**LUKA 3:22; JOHANE 1:29-34;
1 JOHANE 2:1-2**




MUKUZARA
KWAYO
NGLIVA!
ANOFANIRA
KUTANGA
AKUNDA
MIYEDZO.

KO
ANOENDEPI?
HAASI
KUZOSUNUNGURA
NYIKA HERE?

MIYEDZO
IPI!

MIYEDZO YAKATADZWA
NAADHAMU NEVOZE VERUDZI
RWAKE. ANOFANIRA KUSANGANA
NEMUCHINDA WERIMA.



BABA VAKARAYIRA
MWANAKOMANA WAVO
KUTSANYA KWEMAZLIVA
MAKUMI MANA.

HAANA KANA CHIKAFU
CHAAKADYA. APO MUVIRI
WAKE WAKANGE WOZIYA,
WAKAIPA AKAEDZA
KUMUNYENGERA KUTI
ASATEERERE BABA VAKE.

MUNHU WOKUTANGA AKATADZA KUTEERERA MWARI
NDOKURASA CHIGARO CHAKE. JESU WAKANGE ARI
MWARI KUBVA KUMAVAMBO, ASI ZVINO WAKANGE
AVE MUNHU ARI MUNYAMA. WAIZOGONA HERE
KUTEERERA PAKAKUNDIKANA VAMWE VOSE?

MUSHURE MEMAZUVA MAKUMI
MANA, JESU WAKANGE WOZIYA
UYE ASISINA SIMBA. IZVI
ZVAKAMUPA KUNZWISISA UPENYU
HWEVANOSHAYA, KUVA NENZARA
YOKUTI MUVIRI UNOSVIKA PAKUDYANA.
WAKATANGA KUNZWISISA KUVA USINA
SHAMWARI, KUVA WAKARASHWA,
KURWARA UYE KUSHAYA SIMBA.




KWEMAZUVA SATANI WAKARWISA
JESU MUNDANGARIRO DZAKE
ACHIMUPA PFUNGWA DZOKUTYA
NOKUSATENDA. AKUZIVA KUTI MAZUVA
OKUPEDZA RUTSANYO ASWEDERA
SATANI WAKAITA ZVAASINGAITI,
WAKAZVIRATIDZA KUNA JESU.




LINEMVUMO
YOKUDYA
SEZVO URI
MWANAKOMANA
WAMWARI.

MATEU 4:1-3; RUKA 4:1-3;
VAROMA 3:23, 5:12-21;
VAHEBHERU 4:15




SATANI WAKAEDZA MUNHU
WOKUTANGA NECHOKUDYA
CHAI SATENDERWA. ZVINO
WAKANGE WOEDZA
MWANAKOMANA WAMWARI
AINGE OZIYA LYE OPERA SIMBA.

WAIVE MUYEDZO
MUKURU KUNE MUNHU
WAKANGE ASINA
KUDYA KWEMAZUVA
MAKUMI MANA.


A hand in a dark, textured sleeve holds a small, light-colored object, possibly a bone or a small animal, over a pile of larger, dark, irregularly shaped objects that resemble bones or rocks. The background is a solid yellow color. The hand is positioned in the upper right quadrant of the frame, with the object held between the thumb and index finger. The pile of objects is in the lower half of the frame. The overall style is that of a comic book illustration.

HONA, UNOGONA
KUSHANDURA DOMBO
IRI CHIGOVA CHINGWA
WOGUTSA NZARA
YAKO.



KWETE
HANDIGONI, NOKUTI
SHOKO RAMWARI RINOTI,
MUNHU HAANGARARAMI
NECHINGWA BEDZI ASI
NESHOKO ROSE RINOBLUDA
MUMUKANWA
MAMWARI.


NDITEVERE,
NDICHAKUTUNGAMIRA
KUNZVIMBO YALINOGONA
KUTEERERA MWARI.



MAGWARO ANOTI
"USAYIDZE MWARI
WAKO."


LIKASVETUKIRA PASI
KUBVA PANO, NGIROZI
DZICHAKUGAMA, VANHU VOSE
VACHIONA IZVI VACHATENDA
KUTI URI MWANA
WAMWARI.

WATAURA ZVIRI
MUMAGWARO, SHOKO RINOTI
NGIROZI DZICHAKUGAMA KUTI
USANOBAIWA NEDOMBO, YASVIKA
NGLVA YOKURATIDZA SIMBA
RAKO.



NDINOZIVA LINODA
NYIKA, UYE WAKALIYA
KUZOIDZIKINURA, IZVI
ZVICHAKURATIDZA
ZVINHU ZVANGADE
KUZIVA.

MATEU 4:3-7



TIRIPANO

TINOONA NYIKA NEMIZINDA YAYO. HAINA KUSHONGEDZWA ZVINOYEVEDZA HERE? KUBVA PAKATADZA ADAMU, NDINI MURIDZI WAYO, UYE VANHU VANORAMBA VACHINDIPA HUSHE PAMUSORO PAYO. NDINI MWARI WENYIKA INO, KWETE IWE. ASI, NDINO GONA KUKUPA UKATEVEDZA ZVANDINODA. PFLUGAMA LINDINAMATE, KAMWE ZVAKO, NDINOKUPA SIMBA PAMUSORO PENYIKA YOSE. UNOTORA HAKO ZVOSE ZVIRIMO NEVANHU VOSE, UNOTI KUDII?



SHOKO RINOTI
"UCHANAMATA
JEHOVHA MWARI
OGA NOKUMUBATIRA,
KUSINA VAMWE,"
ZVINO WAKUNDIKANA,
CHIENDA."

SATANI WAKABVA PACHIVAZHE CHAKIRISITU
KOKUTANGA MUNHOROONDO. WAKANGE
WASANGANA NOMUNHU WAWAKATADZA
KUNYENGERA. JESU WAKAKUNDA
MIYEDZO. PASI RAKANGE RAVE NEMUNHU
WAIZVIISA PASI PEMURAIRO WAMWARI.

MIYEDZO YEMAZUVA
MAKUMI MANA YAKANGE
YAPERERA. ASI JESU
ZVINO WAKANGE
OZIYA ASINGACHAGONI
KUPFULURIRA MBERI.



NGIROZI DZAKALIYA NECHIKAFU
NEMVURA VAKASHUMIRA KUNA
KIRISITU. ASIMBA AKADZOKERA
KWAISHUMIRWA NAJOHANE.



MATEU 4:8-11; RUKA 4:14



<https://goodandevilbook.com/>